

Sèvi ak VPK anliy

Voluntary Prekindergarten Education Program (VPK) se yon pwogram prematènèl gratis pou timoun 4 ak 5 lane ki abite nan Florid. Timoun k ap patisipe yo dwe gen 4 lane nan dat 1ye septanm oswa anvan. Paran yo ka enskri pitit yo nan pwogram edikasyon VPK ane sa a oswa tann ane annapre a lè pitit yo gen 5 lane. Pou aplike, tanpri vizite www.vpkhelp.org.

DOKIMAN KI NESESÈ

1. Dokimantasyon ki nesesè pou detèmine laj yon timoun

Paran/Responsab legal yo dwe telechaje yon kopi **youn** nan dokiman sa yo pou verifye laj pitit yo.

- Batistè ofisyèl timoun nan; oswa
- Yon relve nòt yon sètifica batèm byen ateste ki montre dat nesans ak kote batèm timoun nan te fèt la, akonpaye pa yon deklarasyon sou sèman paran an; oswa
- Yon kontra asirans sou lavi timoun nan ki an vigè depi de lane pou pi piti, ki reflete dat nesans timoun nan; oswa
- Yon paspò oswa yon sètifica ki di li rive Ozetazini ki montre dat nesans timoun nan; oswa
- Yon dosye vaksen ki mansyone dat nesans la, ki siyen pa yon ofisyè sante publik oswa pa yon doktè ki gen lisans; oswa
- Yon kat idantifikasiyon depandan militè ki valab ki montre dat nesans la.

REMAK: Si okenn nan enfòmasyon ki anwo yo pa disponib, tanpri bay yon deklarasyon sou sèman paran an te fè, akonpaye pa yon sètifica laj ki reflete nesans timoun nan, siyen pa yon ofisyè sante publik oswa pa yon doktè ki gen lisans ki mansyone doktè a te egzamine timoun nan epi li kwè laj la ki mansyone nan deklarasyon sou sèman an esansyèlman kòrèk. Dokiman sa a dwe notarize.

2. Prèv ou rete nan Florid

Paran/Responsab legal yo dwe telechaje yon kopi **youn** nan dokiman sa yo pou verifye yo abite nan Florid.

- Souch peman (ki gen dat nan 12 mwa apre dat aplikasyon an); oswa
- Bòdwo sèvis publik (gaz oswa dlo) bòdwo kab, entènèt oswa kay oswa selilè ki gen dat nan 12 mwa apre dat aplikasyon an; oswa
- Evalyasyon taks sou pwopriyete ki montre yon egzansyon domisil; oswa
- Akò rezidansyèl ki siyen oswa yon resi nan peman lokasyon ki gen dat nan 12 mwa apre dat aplikasyon an te soumèt la; oswa
- Lisans chofè Florid oswa kat idantite Florid; oswa
- Lòd militè ki montre Paran se yon manm sèvis nan Fòs Lame Etazini ak Florid kòm kote yo voye l travay lè timoun nan patisipe nan Pwogram VPK.; oswa
- Dokimantasyon ki soti nan kay pou sanzabri oswa pou vyolans domestik

REMAK: Si okenn nan enfòmasyon ki anwo yo pa disponib, bay yon deklarasyon sou sèman paran timoun nan fè oswa li te afime, akonpaye pa yon lèt yon pwopriyetè kay oswa pwopriyetè yon pwopriyete ki konfime timoun nan abite nan adrès ki nan deklarasyon sou sèman an. Dokiman sa a dwe notarize.

Tanpri asire w pou eskane dokiman sa yo epi konvèti yo nan yon fòma PDF anvan w kòmanse.

Nan konte Monroe, tanpri kontakte

Michele Morgan nan 305-296-5557 ext. 2388 mmorgan@elcmdm.org.

**Pou aplike anliy, ale nan www.vpkhelp.org
OSWA
vizite youn nan biwo Kowalisyon lokal yo (tanpri gen tout dokiman
w yo nan men w).**

Monroe County Family Service Centers

Upper Keys Service Center

Pink Plaza
103400 Overseas Highway
Suite 112
Key Largo, FL 33037

Orè fonksyònman:
Lendi - Jedi
9:00 am jiska 5:00 pm

Vandredi
Sou randevou

Middle Keys Service Center

Martin Luther Chapel
325 122nd St.
Marathon, FL 33050

Orè fonksyònman:
Mèkredi: 9:00 am jiska 5:00 pm

Rele pou yon randevou
305-296-5557 x 2368

Lower Keys Service Center


Professional Plaza
1111 12 Street
Suite 206
Key West, FL 33040

Orè fonksyònman:
Lendi - Jedi
9:00 am jiska 5:00 pm

Vandredi
Sou randevou



Pou kontakte nenpòt nan sant sèvis
fanmi sa yo, tanpri rele 305-296-5557.



**Edikasyon prematènèl. Siksè pou tout lavi.
www.elcmdm.org**